

Kisa yo rele yon rankont Kanpe, Kesyone ak Fouye?

PD 344-111 (04-09)

Lè yon ofisyé polis gen rezon valab pou l sispèk ke yon moun komèt, ap komèt oswa pral komèt yon krim grav oswa yon krim minè dapre Lwa Penal la, ofisyé sa a otorize selon Pwosedi Kriminèl Iwa § 140.50 vil Nouyòk la pou l, **kanpe, kesyone, e menm fouye moun sa a.**

Y AP BAY YON REKONPANS DE \$1.000 pou enfòmasyon k ap fè yo arete nenpòt moun

ki genyen yon REVOLVÈ ILEGAL: 1-866 GUN-STOP [1-866-486-7867]

SANT SÈVIS KLIYAN NAN VIL NOUYÒK: RELE 311

Rezon komen ki fè lapolis kanpe moun

Gen plizyè faktè, poukонт yo oswa ansanm ak lòt faktè, ki ka fè yon ofisyé polis sispèk yon moun a yon pwen pou l kanpe, detni, kesyone e menm fouye moun sa a. Men kèk egzanp ki komen:

<ul style="list-style-type: none">Bagay yo wè oswa bwi yo tandé ki sijere gen yon aktivite kriminèl k ap fèt (alam k ap sonnen, moun nan kouri kite zòn kote krim lan fèt la)Moun lan gen sou li yon bagay ki ta vle sanble yon zam	<ul style="list-style-type: none">Moun nan fè jès ki sanble jès moun fè lè y ap kache yon zam oswa yon atik yo itilize pou komèt yon krimYo rapòte yon konpòtman kriminèl ki sisipye oswa ke yo sispèk ki fèt
--	--

Si lapolis kanpe w e w pat patisipe nan okenn aktivite kriminèl, Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD) regrete enkonvenyan sa te koze w.